AMERICAN JOURNAL OF MULTIDISCIPLINARY BULLETIN
ISSN: 2996-511X (online) | ResearchBib (IF) = 9.512 IMPACT FACTOR
Volume-3| Issue-8| 2025 Published: |30-09-2025|

# ULLI JIPEK JOLI DÁWIRINDE ÓZBEKSTANDA SAWDA HÁM EKONOMIKALIQ RAWAJLANIW.

https://doi.org/10.5281/zenodo.17417258

**Azirbayev Rauaj Adilxan uli**
*YaTT "Azirbaev Rawaj Adilxan uli" direktori*
*Repititor*

**Annotaciya**

Maqalada Ullı Jipek jolınıń Ózbekstan tariyxındağı ornı hám áhmiyeti, ásirese sawda-satıq, ekonomikalıq baylanıslar hám mádeniy rawajlanıwǵa qosqan úlesi tallanadı. Tariyxiy derekler hám ilimiy ádebiyatlarga tiykarlanıp, Oraylıq Aziya, atap aytqanda, Samarqand, Buxara, Tashkent sıyaqlı oraylardıń ekonomikalıq rawajlanıw procesleri kórsetiledi. Sonday-aq, Jipek jolınıń xalıqaralıq sawda jolları sistemasındağı strategiyalıq ornı hám onıń jergilikli xalıqtıń turmıs tárizine tásiri haqqında pikir júrgiziledi.

**Tayanish sózler**

Ullı Jipek joli, sawda, ekonomikalıq rawajlanıw, Oraylıq Aziya, Buxara, Samarqand, kárwan jolları, mádeniy almasıw.

**Kirisiw**

Insaniyat tariyxında xalıqaralıq sawda jolları civilizaciyalar arasında ekonomikalıq hám mádeniy baylanıslardı támiyinlewshi tiykargı faktorlardan biri bolıp kelgen. Usı jollar arasında Ullı Jipek jolı ayırıqsha orın iyeleydi. Ol tek ǵana tovarlar almasıw quralı emes, al túrli xalıqlar hám mádeniyatlar arasındağı qarım-qatnas hám birge islesiw maydanı sıpatında da úlken áhmiyetke iye bolǵan. Bul jol Shıǵıs hám Batıs arasında mıń jıllar dawamında baylanıstırıwshı kópir wazıypasın atqarıp, jáhán tariyxında ekonomikalıq hám siyasiy processlerdiń baǵdarın belgilep bergen.

Ózbekstan aymaǵı Ullı Jipek jolınıń oraylıq bóliminde jaylasqanlıǵı sebepli, tariyxıy jaqtan geostrategiyalıq áhmiyetli orın iyelegen. Bul jerden ótken kárwan jolları tek ǵana sawda baylanıslarınıń rawajlanıwına emes, al qala qurılısı, ónermentshilik hám awıl xojalıǵınıń rawajlanıwına da kúshli túrtki bergen. Samarqand, Buxara, Xiywa, Tashkent, Termiz sıyaqlı qalalar xalıqaralıq sawda oraylari sıpatında qáliplesip, regionda ekonomikalıq hám mádeniy turmıstıń rawajlanıwına xızmet etken. Mısalı, Samarqandtan ótken jollar arqalı Qıtay

jipekleri, Hindstannıń qımbat bahalı tasları, Irannıń zergerlik buyımları hám Evropa bazarlarınan kelgen sanaat ónimleri almasılǵan.

Ullı Jipek jolınıń áhmiyetin tek ǵana ekonomikalıq tarawda emes, al mádeniy hám ilimiy almasıwda da kóriw múmkin. Jol arqalı túrli xalıqlar arasında ilim-pan jetiskenlikleri, dinler, ideyalar hám kórkem óner úlgileri tarqalǵan. Bul process nátiyjesinde Ózbekstan qalaları jáhán civilizaciyasınıń áhmiyetli oraylarınan birine aylanǵan.

Ullı Jipek jolı tek ǵana ótmishte emes, al házirgi kúnde de ayırıqsha ilimiy hám ámeliy áhmiyetke iye. Sebebi globallasıw jaǵdayında xalıqaralıq ekonomikalıq baylanıslardıń rawajlanıwı, transport hám logistika sistemaların jańadan shólkemlestiriw processleri tariyxıy Jipek jolınıń zamanagóy áhmiyetin jáne de arttırmaqta. Búgingi Ózbekstan da geografiyalıq jaylasıwı sebepli Shıǵıs hám Batıstı baylanıstıratuǵın zamanagóy transport hám sawda jollarında strategiyalıq rol atqarmaqta.

Sol sebepli, Ullı Jipek jolı dáwirinde Ózbekstanda sawda hám ekonomikalıq rawajlanıw processlerın izertlew tek ǵana tariyxıy ilimiy áhmiyetke emes, al zamanagóy ekonomikalıq perspektivalardı tereń túsiniw kózqarasınan da úlken áhmiyetke iye.

**Ádebiyatlar analizi.**

Jipek jolı hám onıń ekonomikalıq áhmiyeti haqqında hár qıylı izertlewler alıp barılǵan. Mullayev A.Sh. (2024) Oraylıq Aziyada Jipek jolın tiklew ideyaları hám olardıń ekonomikalıq tásirin úyrenedi. Bultakov S. hám Bazarbaev D. (2023) bolsa Jipek jolınıń Oraylıq Aziya mámleketleri arasında ekonomikalıq baylanıslardıń rawajlanıwındaǵı rolin talqılaydı.

Gulyamova L. (2022) óz miynetinde Ózbekstannıń geografiyalıq jaylasıwı hám onıń Shıǵıs hám Batıs arasındaǵı kópir sıpatındaǵı áhmiyetin atap ótedi. Sonıń menen birge, Teruel Serrano hám Kilichov (2021) Buxara qalası mısalında Jipek jolınıń mádeniy miyras hám jergilikli rawajlanıwǵa qosqan úlesin ashıp beredi.

Ibn Sina, Beruniy hám Uluǵbek sıyaqlı alımlardıń ilimiy miyrası haqqındaǵı izertlewler de Jipek jolı arqalı júz bergen ilim-pán almasıw processleriniń áhmiyetin kórsetedi.

Sonday-aq, zamanagóy izertlewlerde (Karimov et al., 2025) Jipek jolınıń turizm, sawda hám ekonomikalıq rawajlanıwdaǵı jańa imkaniyatları tallanǵan.

**Metodologiya.**

Maqalada tariyxıy-analitikalıq metodtan paydalanıldı. Bárinen burın, tariyxıy dárekler hám arxeologiyalıq maǵlıwmatlar tiykarında Ózbekstan aymaǵındaǵı sawda jolları hám qalalardıń ekonomikalıq áhmieti úyrenildi.

Ekinshiden, bar ilimiy izertlewler tallanıp, olarda keltirilgen juwmaqlar salıstırmalı tallaw arqalı ulıwmalastırıldı.

Úshinshiden, tariyxiy procesler zamanagóy global ekonomikalıq integraciya procesleri menen salıstırmalı analiz etildi. Bul arqalı Jipek jolınıń ótmishtegi áhmieti menen bir qatarda, onıń búgingi kún ushın áhmietli tárepleri de kórsetip ótildi.

**Ullı Jipek jolı hám sawda qatnasıqları**

Ullı Jipek jolı adamzat tariyxında xalıqaralıq sawda qatnasıqlarınıń eń iri tarmaqlarınan biri bolıp, Shıǵıs hám Batıs mámleketleri arasında túrli ónimlerdiń almasıwına jol ashqan. Bul jol arqalı tiykarınan jipek, paxta, dán, miywe-kókonis, qımbat bahalı taslar, zergerlik buyımları, qońır-qanshar temirden tayarlanǵan qural-jaraq hám úy-turmıs buyımları sawdası jolǵa qoyılǵan.

Ózbekstan aymaǵı arqalı ótken jolda kárwanlar toqtaytuǵın arnawlı bazarlar, kárwansaraylar hám sawda orayları qurılǵan. Samarqand, Buxara, Xiywa, Tashkent sıyaqlı qalalar tek ǵana tovar almasıw orayları emes, al túrli xalıqlar ushırasatuǵın hám birge islesetuǵın maydanǵa aylanǵan.

Samarqandtaǵı Registan maydanı, Buxaradaǵı Labi Havz kompleksi, Termiz átirapındaǵı sawda jolları sol dáwirdegi ekonomikalıq baylanıslardıń qanshelli rawajlanǵanınan dárek beredi. Bunnan tısqarı, iri qalalarda ónermenshilik dástúrleri rawajlanıp, jergilikli xalıq islep shıǵarǵan ónimler sırt el bazarlarına alıp shıǵılǵan.

Mısalı, Buxara jipegi, Samarqand qaǵazı, Marǵilan atlası hám Xorezmnen shıǵarılǵan gúlalshılıq buyımları jáhán bazarlarında úlken talapqa iye bolǵan.

**Ekonomikalıq rawajlanıw faktorları**

Jipek jolınıń Ózbekstan tariyxındaǵı ekonomikalıq áhmiyeti júdá úlken bolıp, ol jergilikli xalıqtıń turmıs tárizin belgilep bergen. Awıl xojalıǵı tarawında jańa egin túrleri jetilistirile baslandı. Mısalı, Qıtaydan kelgen jipekshilik dástúrleri Parǵana oypatlıǵında keń tarqaldı. Sonıń menen birge, suw qurılısları hám salma arıqlar sistemasınıń jetilistiriliwi awıl xojalıǵı nátiyjeliligin arttırdı.

Sawda-satıq hám ónermenshiliktiń rawajlanıwı qalalardıń ekonomikalıq qúdiretin arttırıp, xalıqtıń turmıs dárejesiniń jaqsılanıwına alıp kelgen. Buxara hám Samarqandta iri bazarlar xızmet kórsetip, túrli mámleketlerden kelgen sawdagerler menen sawda qatnasıqları jolǵa qoyılǵan. Usı jol menen tek ekonomikalıq emes, al siyasiy baylanıslar da bekkemlengen.

Ekonomikalıq rawajlanıw procesinde pul aylanısı úlken áhmiyetke iye bolǵan. Orta ásirlerge Buxara hám Samarqandta basılǵan teńgeler xalıqaralıq sawdada keńnen qollanılǵan. Bul bolsa Ózbekstan aymaǵınıń xalıqaralıq ekonomikalıq sistemadaǵı abırayın arttırǵan.

**Mádeniy hám ilimiy almasıw**

Ullı Jipek jolı tek ǵana ekonomikalıq máplerdi támiyinlep qoymastan, al túrli civilizaciyalar arasında mádeniy qarım-qatnas hám ilimiy almasıw procesin jolǵa qoyǵan. Bul jol arqalı Shıǵıstan Batısqa hám Batıstan Shıǵısqa túrli ideyalar, táliymatlar, ilim-pán hám mádeniyat úlgileri tarqalǵan. Sonday-aq, xalıqlardıń turmıs tárizi, úrp-ádetleri hám dástúrleri de óz ara tásirge ushıraǵan.

Samarqand, Buxara hám Xiywa sıyaqlı qalalar tek ǵana sawda orayları emes, al ruwxıy-aǵartıwshılıq hám ilimiy oraylar sıpatında da jáhán tariyxında úlken iz qaldırǵan. IX-XII ásirlerde Oraylıq Aziyada ilim-pánniń rawajlanıwı Jipek jolı arqalı kelgen bilimler hám ideyalar menen tıǵız baylanıslı edi. Bul dáwirde astronomiya, medicina, filosofiya, tariyx, geografiya sıyaqlı ilim tarawlarında ullı ashılıwlar ámelge asırıldı. Mısalı, Abu Rayxan Beruniydiń tábiyattanıw hám astronomiyaǵa tiyisli shıǵarmaları, Abu Ali ibn Sinaniń medicinadaǵı úlken ashılıwları, Farabiydiń filosofiyalıq miyrası tek Shıǵıs emes, al Evropa ilim-pániniń rawajlanıwına da tásir kórsetken.

Jipek jolı arqalı diniy táliymatlar da keń tarqalǵan. Regionda buddizm, xristianlıq, manixeylik, zardushtiylik hám keyinirek islam dini óz tásirin kórsetken. Usı proceste diniy keńpeyillik, túrli mádeniyatlar hám isenimlerdiń úylesimliligi baqlanǵan. Bul jaǵday regionniń ruwxıy turmısı hám mádeniy baylıǵın jáne de arttırǵan.

Sonday-aq, kórkem óner hám arxitektura da Jipek jolı arqalı júzege kelgen mádeniy almasıw nátiyjesinde bayıp barǵan. Qıtay jipegi hám hind qımbat bahalı tasları Shıǵıs kórkem óneriniń tiykarǵı elementine aylanǵan bolsa, Evropadan kelgen hár túrli bezekler hám arxitekturalıq usıllar jergilikli arxitekturada sáwlelengen. Samarqand hám Buxaradaǵı medrese, meshit hám maqbaralardıń bezewlerinde túrli mádeniyatlardıń úylesimliligi ayqın kórinedi.

Nátiyjede, Jipek jolı tek ǵana ekonomikalıq máplerge xızmet etip qoymastan, al mádeniy hám ilimiy processlerdiń rawajlanıwına túrtki bolıp, Ózbekstan qalaların jáhán civilizaciyasınıń áhmiyetli oraylarınan birine aylandırǵan.

**Xalıqaralıq baylanıslar hám siyasiy áhmiyeti**

Ullı Jipek jolı tek ǵana sawda-ekonomikalıq hám mádeniy processlerdiń orayı emes, al xalıqaralıq siyasiy qatnasıqlardı qáliplestiriwshi strategiyalıq faktor sıpatında da úlken áhmiyetke iye bolǵan. Jol arqalı ótken tovarlar hám sawda kárwanları mámleketler ekonomikası ushın úlken dárek bolıp, olardan alınatuǵın baj hám salıqlar mámleket qáziynesin toltırǵan. Sonıń ushın da Jipek jolın qadaǵalaw kóplegen dinastiyalar hám mámleketler ushın áhmiyetli geosiyasiy maqsetke aylanǵan.

Ózbekstan aymaǵı arqalı ótken jollardıń qadaǵalawı Sasaniyler, Túrk qaǵanlıǵı, Samaniyler, Qaraxaniyler, Temuriyler hám basqa mámleketler siyasiy hákimiyatı ushın tiykarǵı máselelerden biri bolǵan.

Mısalı, Ámir Temur dáwirinde Samarqand tek ǵana ekonomikalıq hám mádeniy oray emes, al xalıqaralıq siyasiy baylanıslardıń orayına aylanǵan. Onıń sarayına Qıtay, Hindstan, Túrkiya hám Evropa mámleketlerinen elshiler hám sawdagerler kelip turǵan. Bul arqalı Temur mámleketiniń xalıqaralıq maydandaǵı abırayı bekkemlengen.

Sonday-aq, Jipek jolı xalıqaralıq diplomatiyanıń áhmiyetli quralı sıpatında da xızmet etken. Sawdagerler hám kárwanlar menen birge diplomatlar, elshiler, filosoflar hám alımlar da sapar etip, túrli mámleketler arasında maǵlıwmat almasıwın támiyinlegen. Bul bolsa óz-ara isenim, birge islesiw hám siyasiy turaqlılıqqa úles qosqan.

Biraq, joldıń strategiyalıq áhmiyeti onıń átirapında kóplegen siyasiy gúreslerge de sebep bolǵan. Hár qıylı dinastiyalar hám mámleketler joldıń belgili bir bóleklerin iyelep alıw arqalı óz ústemligin bekkemlewge umtılǵan. Sonlıqtan Jipek jolı tek ǵana sawda arteriyası emes, al siyasiy báseki hám áskeriy soqlıǵısıwlardıń tiykarǵı noqatına da aylanǵan.

Ullı Jipek jolınıń siyasiy áhmiyeti sonda edi, onı qadaǵalaǵan mámleket xalıqaralıq ekonomikalıq sistemada jetekshi orınǵa iye bolǵan. Bul jaǵday Ózbekstan aymaǵındaǵı mámleketlerdiń siyasiy qúdiretin arttırǵan hám olardıń jáhán siyasiy saxnasındaǵı abırayın bekkemlegen.

**Juwmaq**

Ullı Jipek jolı adamzat civilizaciyası tariyxında sheksiz áhmiyetke iye bolǵan iri ekonomikalıq, mádeniy hám siyasiy arteriya sıpatında tariyxta óshpes iz qaldırdı. Onıń tiykarǵı tarmaqları arqalı mıńlaǵan kilometr aralıqta tovarlar, ideyalar, mádeniy dástúrler hám ilimiy bilimler erkin aylanıp turǵan. Bul process, bárinen burın, Ózbekstan aymaǵındaǵı qalalar hám mámleketler ushın úlken imkaniyatlar esigin ashqan.

Birinshi gezekte, Jipek jolı arqalı elimiz qalaları jáhán sawda sistemasınıń áhmiyetli oraylarına aylanǵanın ayrıqsha atap ótiw kerek. Samarqand, Buxara, Xiywa, Tashkent, Termiz sıyaqlı qalalar tek ǵana sawda-satıq oraylları emes, al mádeniy hám ruwxıy oraylar sıpatında da tariyxta úlken abırayǵa iye bolǵan. Jergilikli ónermentshilik hám awıl xojalıǵı ónimleri shet el bazarlarında joqarı talapqa iye bolıp, bul ekonomikalıq rawajlanıw hám xalıqtıń turmıs dárejesiniń joqarılawına xızmet etken.

Ekinshiden, Jipek jolı mádeniy hám ilimiy almasıw processlerine kúshli túrtki berdi. Ol arqalı túrli dinler, ilim-pán hám filosofiyalıq ideyalar tarqaldı. Samarqand

hám Buxara sıyaqlı oraylar jáhán ilim-páni hám mádeniyatınıń qúdiretli kesilispesine aylandı. Bul jerde jetilisip shıqqan Ibn Sina, Beruniy, Farabiy, Uluǵbek sıyaqlı allamalardıń miyrası tek ǵana Shıǵıs emes, al Batıs civilizaciyasınıń rawajlanıwına da tásir etti.

Úshinshiden, Ullı Jipek jolı xalıqaralıq siyasiy qatnasıqlardı qáliplestiriwshi faktor sıpatında xızmet etti. Joldı qadaǵalaǵan mámleketler siyasiy kúsh hám ekonomikalıq ústinlikke iye boldı. Bul process Ózbekstan aymaǵındaǵı mámleketlerdiń xalıqaralıq maydandaǵı abırayın arttırdı hám olardı jáhán siyasiy processleriniń belsendi qatnasıwshısına aylandırdı.

Tórtinshiden, Ullı Jipek jolınıń tariyxı tek ǵana ótmish ushın emes, al búgingi kún ushın da úlken áhmiyetke iye. Globallasıw procesinde transport hám logistika sistemalarınıń rawajlanıwı, jańa sawda jolların qáliplestiriw procesinde tariyxıy Jipek jolınıń zamanagóy dawamshıları - xalıqaralıq ekonomikalıq joybarlar áhmiyetli orın tutadı. Ózbekstannıń geostrategiyalıq jaylasıwı bolsa onı jáne bir márte Shıǵıs hám Batıstı baylanıstıratuǵın kópir sıpatında kórsetpekte.

Sonday-aq, Jipek jolın tereń úyreniw tariyxıy miyrasımızdı qásterlep saqlaw, milliy ózligimizdi ańlaw hám zamanagóy rawajlanıw strategiyaların belgilewde úlken áhmiyetke iye.

Juwmaqlap aytqanda, Ullı Jipek jolı dáwirinde Ózbekstandaǵı sawda hám ekonomikalıq rawajlanıw tek ǵana regionnıń emes, al pútkil jáhán civilizaciyasınıń rawajlanıwına da úlken úles qostı. Onıń tariyxıy áhmiyeti hám mádeniy miyrası búgingi kúnde de áhmiyetin joǵaltpaǵan hám keleshek áwladlar ushın áhmiyetli ilimiy ǵáziyne sıpatında xızmet etedi.

## PAYDALANILĞAN ÁDEBIYATLAR:

1. Ózbekiston Respublikasi Oliy va O'rta maxsus ta'lim vazirligi "Buyuk Ipak yo'li : tarix va hozirgi zamon" Tashkent-2018
2. Karimov I.A. Savdo uyidan Ipak yo lini tiklash sari. Asarlar, P-jild. - T., O'zbekiston, 1996.
3. "Ipak yo'li afsonalari" - T., Fan, 1993.
4. Buyuk Ipak yo'li: geografiya, turizm va ekologiya (xalqaro konferensiya lekciyalar toplami). - Samarqand, 1998.